



Chè Manm Kominote a,

Pwogram Timoun ak Jèn ki gen Bezwen Swen Sante Espesyal yo (Children and Youth with Special Health Care Needs, CYSHCN) anndan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) founi enfòmasyon ak referans pou sèvis sante ak resous kominotè pou timoun ak jèn ki gen bezwen swen sante espesyal. Pou yo kalifye pou sèvis yo, chak moun **dwe** gen mwens pase 21 lane, yo dwe rezide nan Vil New York, epi yo dwe te resevwa yon dyagnostik oswa yo dwe sispèk yo gen yon pwoblèm devlopman, yon pwoblèm fizik, yon pwoblèm entèlektyèl, yon pwoblèm emosyonèl oswa yon pwoblèm nan konpòtman.

Depi 2021, pwogram CYSHCN nan founi enfòmasyon ak referans bay plis pase 470 timoun nan vil New York ki gen otis, reta nan langaj, difikilte pou aprann ak pwoblèm konpòtman. Espesyalis ki jere admisyon nan Pwogram CYSHCN yo itilize yon pwosesis ki ekitab epi ki konplè pou garanti chak timoun resevwa kowòdinasyon swen ak resous yo gen bezwen yo. Pwogram nan pran an konsiderasyon eta sante aktyèl timoun nan, ki sèvis l ap resevwa, epi lang prefere li. Li founi yon lis resous ki pèsonalize bay paran timoun nan, travayè sosyal la oswa lòt founisè swen an, epi li fè swivi apre yon ti tan tou kout pou detèmine si koneksyon pou jwenn sèvis la te mache oswa si gen nesesite pou plis asistans.

Pwogram CYSHCN nan **gratis** epi li disponib pou kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon an. Epitou, li konekte fanmi k ap chèche asirans sante yo avèk konseye nan zafè enskripsyon pou Biwo Sèvis Asirans Sante Depatman Sante Vil New York la.

Pou diminye obstak yo epi pou ogmante aksè pou tout moun jwenn sèvis, pwogram CYSHCN nan gen yon estaf ki pale Anglè ak Espanyòl epi li founi entèprèt pou tout lòt lang yo. Mete sou sa, estaf la òganize prezantasyon epi l patisipe nan fwa sou lasante ak evènman pou sansibilize kominote a.

Si w bezwen plis dokiman sou pwogram nan oswa ou vle refere fanmi bay pwogram nan, kontakte nou nan 347-396-4600 oswa cyshcn@health.nyc.gov. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/children-youth-special-health-needs oswa eskane kòd QR ki pi ba a.

Lè n travay ansanm, nou ka ogmante kantite timoun nan Vil New York ki resevwa sèvis ak asistans yo gen bezwen yo.

Lizay,

Aisha Greene

Aisha Greene

Manadjè Prensipal Pwogram nan
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

Haitian Creole

